

KLAS 4YÈM ANE

NIVO ELEMANTÈ

EGZAMEN SYANS

EGZAMEN EKRI

5 JEN 2017

Non Elèv la _____

Non Lekòl la _____

Nou entèdi fòmèlman pou posede oswa pou itilize nenpòt aparèy kominikasyon pandan w ap pran egzamen sa a. Si ou genyen oswa itilize nenpòt aparèy kominikasyon, menm si se pou yon ti tan, egzamen ou an p ap valab, epi ou p ap jwenn nòt pou li.

Ekri non ou ak non lekòl ou ak lèt enprime sou liy ki pi wo la yo.

Egzamen sa a gen de (2) pati. Pati I ak II a nan tiliv egzamen sa a.

Pati I an gen 30 kesyon chwa miltip. Ekri repons ou pou kesyon sa yo sou yon fèy repons apa. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 sèlman sou fèy repons lan.

Pati II a gen 15 kesyon ki mande pou konpoze yon repons. Ekri repons ou yo pou Pati II a nan tiliv egzamen sa a.

W ap gen tout tan ou bezwen pou reponn kesyon yo.

PA VIRE PAJ SA A TOUTOTAN YO PA DI W POU FÈ SA.

ENSTRIKSYON

Genyen 30 kesyon nan Pati I egzamen sa a. Apre chak kesyon, gen kat (4) chwa repons, ki gen nimewo A–D. Li chak kesyon avèk anpil atansyon. Gade ki repons ki pi bon pou chwazi. Sou fèy repons apa a, make repons ou nan ranje ti wonn yo pou chak kesyon yo; pou make repons lan, nwasi ti wonn ki gen menm lèt ak repons ou chwazi a. Sèvi ak yon kreyon nimewo 2 pou make fèy repons lan.

Li Egzanp Kesyon **S-1** ki anba la a.

S-1 Lè dlo jele, yo rele li

- A bwouya
- B glas
- C bye
- D vapè

Repons kòrèk la se **glas**, ki sou kote lèt **B** a. Gade sou fèy repons lan, nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou repons pou Kesyon ki nan Egzanp **S-1** an. Gade kijan yo nwasi ti wonn ki koresponn ak lèt **B** a.

Kounye a, bay repons pou Kesyon ki nan Egzanp **S-2**. Make repons ou sou fèy repons lan nan kare ki gen ranje ki gen ti wonn pou Kesyon ki nan Egzanp **S-2** a.

S-2 Ki bèt ki gen zèl?

- A zwazo
- B krapo
- C sourit
- D lapen

Repons kòrèk la se **zwazo**, ki sou kote lèt **A**. Sou fèy repons ou, ou te dwe nwasi ti wonn **A**.

Reponn tout 30 kesyon ki nan Pati I egzamen sa a. Nwasi yon sèl ti wonn pou chak kesyon. Si w vle chanje yon repons, ou fèt pou efase repons lan nèt. Ou ka pa konnen repons pou kèk nan kesyon yo, men sèlman fè sa ou kapab pou chak kesyon.


Lè w fini ak Pati I a, ale nan Pati II a. Reponn tout kesyon ki nan Pati II a nan espas yo kite pou chak kesyon.

Pati I

1 Ki objè ki *pa vivan* ki se yon bagay lòm fè?

- A yon pwason
- B yon wòch
- C yon plant vèt
- D yon konntenè an metal

2 Dyagram ki anba a montre yon plant kaktis ak pikan.



Pikan yo ede plant la kaktis yo siviv yo

- A fè grenn
- B estoke dlo
- C pwodui manje apati limyè solèy
- D pwoteje li kont bèt

3 Dyagram anba la a montre yon plant ki gen matirite.



Plant ki gen matirite

Ki jèn plant ki gen plis chans yon pitit plant ki gen matirite a?



A



B



C




D


4 Pou yo devlope epi pwogrese, tout bèt bezwen dlo, lè, ak

- A manje
- B limyè solèy
- C tè
- D pitit


5 Dyagram ki anba la a montre kat (4) lapen. Ki lapen ki gen plis chans pou siviv nan yon anviwònman lanèj?



A



B




C



D

6 Dyagram ki anba a montre sik lavi yon krapo ak yon papiyon.



(Pa trase selon echèl la)

Baze sou ki dyagram yo, ki deklarasyon ki kòrèk?

- A Krapo gen dire devi ki pi kout pase papiyon.
- B Repwodiksyon rive nan krapo, men pa nan papiyon.
- C Krapo gen plis pitit pase papiyon.
- D Krapo ak papiyon chak gen pwòp etap nan devlopman yo.

7 Gen kèk bèt ki ka idantifye yon konpayon pa koulè klere li yo. Ki estrikti kò ki bezwen santi koulè?

- A lang
- B po
- C je
- D zòrèy


8 Ki egzanp ki montre yon bèt adapte a chanjman sezon nan anviwònman li?

- A yon lapen rena chasè
- B yon zwa ki migre vè sid
- C yon chen ki chase chat
- D yon chòvsouri ki vole lannuit


9 Kisa k ap pase kèk bèt lè sezon yo chanje soti nan livè pou pase nan lete nan Eta New York?

- A Fouri yo vin pi epè.
- B Koulè fouri yo vin blan.
- C Yo pèdi plis fouri.
- D Yo kòmanse ibène.

10 Dyagram ki anba la a montre yon zòn forè anvan ak apre yon faktori te bati.



Zòn nan Anvan




Zòn nan Apre

Konstwi yon faktori nan zòn sa a gen plis chans pou li koze yon ogmantasyon nan

- A polisyon nan lè a
- B abita natirèl
- C espas ouvri
- D dlo ki disponib

Sèvi ak dyagram yon chèn alimantè ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 11 jiska 13.



11 Ki òganis ki pwodiktè?

- A krikèt
- B èg
- C krapo
- D plant vèt


12 Si kantite krapo yo *diminye*, ki popilasyon ki pral gen plis chans ogmante?

- A èg
- B koulèv
- C krikèt
- D plant vèt

13 Nan ki lòd enèji transfere nan yon chèn alimantè?

- A Solèy → plant → bèt
- B Solèy → bèt → plant
- C plant → Solèy → bèt
- D plant → bèt → Solèy

14 Dyagram ki anba la a montre de (2) chwèt ak yon lapen.



Ki entèraksyon ant chwèt yo ki dekri nan dyagram nan?

- A repwodiksyon
- B konpetisyon
- C migrasyon
- D ibènasyon

15 Ki lis ki gen ladan l twa (3) kondisyon metewolojik?

- A van, nyaj, ak livè
- B frèt, maten, ak lapli
- C nyaj, frèt, ak van
- D lapli, lete, ak aswè

16 Dife nan forè ka gen ***tou de*** efè negatif ak pozitif. Yon efè **pozitif** posib efè yon dife forè se

- A plis espas pou nouvo plant
- B plis konpetisyon pou manje
- C pi wo tanperati lè
- D polisyon ki soti nan lafimen

17 Konbyen tan li pran pou Latè tounen toutotou Solèy la yon fwa?

- A yon jou
- B yon semèn
- C yon mwa
- D yon ane

18 Foto ki anba la yo montre menm zòn nan anvan ak apre dlo te lage soti nan yon baraj.



Anvan




Aprè

Ki pwosesis ki te pase pi vit paske dlo a te lage nan baraj la?

- A ewozyon
- B jèminasyon
- C presipitasyon
- D dekonpozisyon


19 Dyagram anba la a montre sik dlo a. Kat (4) pwosesis nan sik la ki make A jiska D.



Ki lèt pi byen reprezante ekoulman?

- A A
- B B
- C C
- D D

20 Dyagram anba a montre yon boul ke yo te mezire avèk yon règ metrik.




Ki pwopriyete nan boul la ki mezire ak règ la?

- A pwa
- B lajè
- C mayetis
- D tanperati

21 Ki objè k ap reflete plis limyè?

- A chemiz nwa
- B flè woz
- C mamit klere
- D wòch sonb

22 Dyagram anba la a montre yon mab vè solid ak yon kèp ki gen dlo ladan l.



Lè yo mete mab la nan kèp dlo a, mab la gen plis chans pou li

- A flote
- B koule
- C chanje koulè
- D vin pi piti


23 Yon elèv retire yon plato kib glas ki sòti nan yon frizè nan yon jou cho. Dlo a nan plato a solid ak frèt. Elèv la bliye mete plato a nan frizè a. Nan demen, dlo a nan plato a gen plis chans pou li

- A likid ak pi cho
- B likid ak pi frèt
- C solid ak pi cho
- D solid ak pi frèt

24 Ki de (2) karakteristik ki dekri yon gaz?

- A pa gen okenn fòm definitif, men yon volim definitif
- B pa gen okenn fòm definitif e pa gen volim definitif
- C yon fòm definitif ak yon volim definitif
- D yon fòm definitif, men pa gen volim definitif

25 Dyagram anba a montre yon sikui ouvè. Anpoul la **pa** limen. Kat (4) kote nan sikui a make 1, 2, 3, ak 4. Yon fil te konekte ant 1 ak 3.



Pou limen anpoul la, yo ta dwe konekte yon lòt fil ant

- A 1 ak 2
- B 1 ak 4
- C 2 ak 3
- D 2 ak 4


26 Ki materyèl ki pi bon kondiktè elektrisite?

- A kawotchou
- B plastik
- C metal
- D vè

27 Ki fòs ki pwodui chalè lè kawotchou nan yon bis lekòl fwote sou wout la?

- A elektrisite
- B friksyon
- C gravite
- D mayetis

28 Dyagram anba la a montre yon dife bwa k ap boule.



Ki fòm enèji bwa a genyen pou dife a boule?

- A chimik
- B elektrik
- C mekanik
- D son

29 Pwoteyin nan manje ede kò a grandi. Tablo ki anba la a montre kantite pwoteyin pou chak pòsyon nan kat (4) manje.


Kantite Pwoteyin nan Kat (4) Manje

Manje	Gram pwoteyin pou chak pòsyon (g)
poul	25
lèt	10
anmbègè legim	14
ze bouyi di	6

Ki kantite pwoteyin ki nan yon repa ki se yon vè lèt ak yon anmbègè legim?

- A 20 g
- B 24 g
- C 31 g
- D 35 g

30 Dyagram ki anba la a montre ki jan yon elèv jwenn mas Bwat 1 ak Bwat 2 nan de (2) etap. Elèv la itilize yon balans, yonn se 200-g mas, ak yonn ki se 500-g mas.




Konbyen mas Bwat 2 a ye?

- A 200 g
- B 500 g
- C 700 g
- D 900 g

Pati II

Enstriksyon (31–45): Ekri repons ou yo nan espas yo bay anba chak kesyon.

- 31 Graf anba la a montre kantite total lanèj ki tonbe ki te mezire pandan yon ivè nan kat (4) lavil nan Eta New York.



Sèvi avèk done ki nan graf a ba a, pou konplete tablo done ki anba a pou montre kantite lanèj ki tonbe nan chak nan kat (4) vil yo. [1]

Kantite Lanèj

Vil nan Eta New York	Kantite Lanèj (pous)
Albany	
Binghamton	
Buffalo	
Rochester	

32 Obsèvasyon yon elèv sou kat (4) wòch diferan, *A*, *B*, *C*, ak *D*, yo montre yo anba la a.

Wòch A – longè se 7 cm – teksti a lis – mas se 26 g	Wòch B – mas se 17 g – longè se 3 cm – teksti a monte desann	Wòch C – teksti a graj – mas se 32 g – longè se 5 cm	Wòch D – longè se 4 cm – mas se 8 g – teksti a lis
---	--	--	--

Konplete tablo done ki anba la a lè w òganize obsèvasyon elèv la sou wòch yo. Obsèvasyon ki fèt yo sou wòch *A* yo òganize nan premye ranje a. [1]

Tablo Done

Wòch	Obsèvasyon sou wòch		
	Longè (cm)	Mas (g)	Teksti
A	7	26	lis
B			
C			
D			

33 Apre yon vwayaj, yon elèv anrejistre kat (4) deklarasyon sa yo anba a nan yon kaye nòt syans.

Deklarasyon 1: Li te pran plezi vwayaje.

Deklarasyon 2: Fèy yo te vèt.

Deklarasyon 3: Li te fè lapli nan fen vwayaj la.

Deklarasyon 4: Wòch yo te difisil pou monte.

Idantifye nimewo de (2) deklarasyon sa yo ki se reyelite, **pa** opinyon. [1]

Deklarasyon _____ ak _____

Sèvi ak pasaj ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 34 ak 35.

Tig an danje

Yon santèn ane de sa, te gen 100,000 tig k ap viv nan lanati. Jodi a, gen sèlman apeprè 3,000. Lèzòm lakòz popilasyon tig la diminye. Gen kèk moun ki manje menm manje tig yo manje, donk tig yo an konpetisyon ak moun pou manje tankou sèf ak kochon sovaj. Epitou, moun te detwi anpil nan abita tig yo lè yo redui forè yo ak konstriksyon bilding ak kay.

Gen kèk moun ki te kreye rezèv pou tig yo, ki se zòn kote tig yo ka viv san danje. Gen lòt ki ap travay pou sove forè yo ak bèt tig depann de yo pou viv.

Sous: Debnam, Betty, "The Mini Page"
Schenectady Gazette, Jan 15–21, 2011 (adapte)

34 Idantifye **de** (2) bèt ki soti nan pasaj la ki se pwa pou tig yo. [1]

_____ ak _____


35 Dekri **yon** fason lèzòm ap **ede** tig yo. [1]

36 Dekri **yon** fason grenn yon plant dispèse (gaye). [1]

37 Tablo ki anba a montre kat (4) karakteristik imen. Konplete tablo a lè w antoure si wi ou non chak karakteristik se yon bagay yo te aprann oswa eritye. Yo montre sèk lè w ap li yon liv. [1]

Karakteristik	Aprann oswa eritye
li yon liv	aprann oswa eritye
je mawon	aprann oswa eritye
janm long	aprann oswa eritye
sote kòd	aprann oswa eritye

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 38 ak 39. Dyagram nan montre yon plant. Kat (4) nan estrikti li yo make. Tè ak dlo itilize pa plant yo make tou.




38 Idantifye estrikti plant *X* epi dekri fonksyon estrikti a. [1]

Estrikti *X*: _____

Fonksyon nan estrikti *X*: _____


39 Eksplike kijan plant lan ka adapte l pou l jwenn dlo pi fasil parèt nan dyagram nan. [1]

40 Dyagram anba a montre elèv yo sou yon lakou rekreyasyon.



Ki jan jwe sou lakou rekreyasyon an chak jou ede elèv yo rete an sante? [1]

41 Dyagram anba la a montre Solèy la ak Latè nan lespas. Yon pozisyon sou Latè make ak *X*.




(Pa trase selon echèl la)

Eksplike poukisa li fè jou kote *X* ye a. [1]

42 Foto *A*, *B*, *C*, ak *D* anba la a montre kat (4) pwopriyete nan objè ki ka obsève oswa mezire.




A



B



C




D

Konplete tablo ki anba la a lè w mete lèt la nan foto ki bò kote pwopriyete li montre a. Yo montre foto ki montre refleksivite limyè. [1]


Pwopriyete	Dyagram
refleksivite limyè	A
volim	
fleksibilite	
tanperati	

43 Dyagram ki anba a montre kat (4) leman ki idantik, *A*, *B*, *C*, ak *D*. Yo te mete leman yo nan distans diferan a kat (4) pil twonbòn an metal ki idantik.



Yon elèv predi ke leman *C* pral atire plis twonbòn. Eksplike pou kisa prediksyon elèv sa **pa** kòrèk. [1]

Sèvi ak dyagram ki anba la a ak sa ou konnen nan syans pou reponn kesyon 44 ak 45. Dyagram nan reprezante yon moun lè l sèvi avèk yon machin senp pou l mete yon bwat nan yon kamyon.



44 Idantifye machin senp yo te itilize pou ede deplase bwat la. [1]

45 Idantifye **yon** fòs ki ap aji sou bwat la kòm si se yon kamyon ki deplase l. [1]

GRADE 4 ELEMENTARY-LEVEL SCIENCE HAITIAN CREOLE EDITION

Pou Itilizasyon Pwofesè Sèlman Part II Credit

Question	Maximum Credit	Credit Allowed
31	1	
32	1	
33	1	
34	1	
35	1	
36	1	
37	1	
38	1	
39	1	
40	1	
41	1	
42	1	
43	1	
44	1	
45	1	
Total	15	